# ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEBINDE OQÍWSHÍLARǴA ART-PEDAGOGIKALÍQ HÁM ART-TERAPEVTIKALÍQ TEXNOLOGIYALARDÍ QOLLANÍW MÚMKINSHILIKLERI

**Abatbaeva U.A.**
*Ózbekistan mámleketlik konservatoriyası Nókis filalı*

**Annotaciya:** Jáhán tálim sistemasında oqıwshı shaxsın kórkem óner dóretpeleri járdeminde qáliplestiriw hám rawajlandırıwǵa, ulıwma insanıylıq qádiriyatlar menen jaqınnan tanıstırıwǵa, gózzallıq hám jaqsı islikti qádirlewde estetikalıq talǵam hám dóretiwshilik aktivlikti xoshametlendiretuǵın pedagogikalıq texnologiyalarǵa bólek itibar qaratılıp atır. Ásirese, art-pedagogikalıq hám art-terapevtikalıq texnologiyalardan paydalanıwǵa bólek áhmiyet berilip, Amerika art-terapiya associaciyası, Ullı Britaniya art-terapevtlar awqamı, Evropa art-terapiya tálimi konsorciumi, Rossiya art-terapiya associaciyası tárepinen tálim alıwshılardıń psixoemocional jaǵdayına terapevtikalıq hám korrekcion tásirdi esapqa alǵan halda muzıkalıq terapiya, vokaloterapiya, izoterapiya, biblioterapiya, imagoterapiya usıllarınan kompleks paydalanıwǵa itibar qaratılıp atır.

**Gilt sózi:** art-pedagogika, art-terapiya, programma, terapevtika, teoriya, funkciya, psixologiya, kommunikativ-refleksiv.

**Аннотатция:** Формировать и развивать личность ученика в мировой системе образования с помощью художественных эссе, знакомить с общечеловеческими ценностями. Частичное внимание уделено педагогическим технологиям, стимулирующим эстетический вкус и творческую активность при понимании красоты и добра. Особое значение придается использованию арт-педагогических и арт-терапевтических технологий Американской ассоциации арт-терапии, Британской ассоциации арт-терапевтов, Европейского консорциума арт-терапевтического образования, Музыкотерапия с учетом лечебно-корригирующего воздействия на психоэмоциональное состояние студентов Российской Ассоциации Арт-терапии, акцент сделан на сочетанном использовании методов вокалотерапии, изотерапии, библиотерапии и имаготерапии.

**Ключевые слово:** арт-педагогика, арт-терапия, программа, терапия, теория, функция, психология, коммуникативно-рефлексивная.

**Annotation**: To form and develop the student’s personality in the global education system with the help of artistic essays, to introduce universal human values. Partial attention is paid to pedagogical technologies that stimulate aesthetic taste and creative activity in understanding beauty and goodness. Particular importance is attached to the use of art-pedagogical and art-therapeutic technologies of the American Art Therapy Association, British Association of Art Therapists, European Consortium for Art Therapy Education, Music therapy, taking into account the therapeutic and corrective effect on the psycho-emotional state of students of the Russian Association of Art Therapy, the emphasis is on the

combined use of methods of vocal therapy, isotherapy, bibliotherapy and imagotherapy.

**Keyword:** art pedagogy, art therapy, program, therapy, theory, function, psychology, communicative-reflexive.

Art-pedagogika - pedagogikada bólek jónelis bolıp, ol bala shaxsın oqıtıw, rawajlandırıw hám tárbiyalawda kórkem óner dóretpeleri tiykarında ámelge asırıladı. Bul pán dástúriy tálim sistemasınıń usıllarınan shetke shıǵıp, oqıtıwshı, oqıwshı hám ata-analardıń tikkeley dóretiwshilik óz ara baylanısların sáwlelendiredi. Dáslep art-terapiya hám art-pedagogika korrekcion pedagogikaǵa uyqas túrde rawajlanǵan bolıwına qaramay, hár eki jóneliste intalı, saw hám deviant taypadaǵı balalar menen islewde qollanılıwı kerek. Art-pedagogika óz-ózin úyreniwge, tárbiyalawǵa, rawajlandırıwǵa umtılıwdı qáliplestiredi. Sol múnásibet penen qosımsha tálim mákemelerinde art-terapiya járdeminde mektep oqıwshılarınıń dóretiwshilik individuallıǵın rawajlandırıw programmasın usınıs etken A.V.Grishinanıń pikirleri itibarǵa ılayıq bolıp tabıladı. Programma qosımsha tálim mákemelerinde tabıslı ámelge asırılıp, avtor onı súwretleytuǵın kórkem óner oqıtıwshıları ushın paydalanıwǵa usınıs etedi Sońǵı jıllarda tálim teoriyası hám ámeliyatında jańa terapevtikalıq jónelisti rawajlandırıwdıń aktuallıǵı kórsetilgen baspalar payda bola basladı. Mektep ámeliyatına tán bolmaǵan “terapiya” termininen paydalanıw psixologlardıń pikirine qarsı kelmeydi, biraq gumanistik pedagogikanıń tiykarǵı ideyasına sáykes keledi: shaxstıń dóretiwshilik potencialı jáne onıń rawajlanıwı. Usınıń sebebinen, klinikalıq bolmaǵan jónelisli, oqıtıwshı tárepinen ańsat ózlestiriliwi múmkin bolǵan, balalar menen islewde qızıqlı hám nátiyjeli bolǵan hám densawlıqtı saqlawǵa xızmet etetuǵın pedagogikalıq texnologiyalardı izlew, maslastırıw hám rawajlandırıw zárúrshiligi bar. L.D.Lebedevanıń tálimde art-terapiyadan paydalanıwdıń ayırım máselelerine arnalǵan islenbeleri bar. Avtor “terapiya” túsinigin pedagogikanıń terminologiyalıq apparatında óz túsindiriwin keltirip, onı tek ǵana “emlew”, bálki “álpeshlew” dep awdarma etedi. Sol tiykarda ol psixoterapiya hám artterapiya salasında arnawlı tayarlıqtan ótpegen oqıtıwshılar hám psixologlar tárepinen artterapiyadan paydalanıwdı maqul túsetuǵın dep esaplaydı. Ol, atap aytqanda, “art-terapiya” sóz dizbegin ilimiy-pedagogikalıq kórkem iskerlik arqalı shaxstıń, gruppanıń yamasa jámáattiń sezimli jaǵdayı hám psixikalıq salamatlıǵı tuwrısında ǵamxorlıq qılıw dep túsinedi. Usınıń menen birge, ol tálim sistemasında mektep oqıwshıları menen artterapiya jumısların aparıw ushın hár qıylı kórsetpeler, sonday-aq, “disgarmonik, ózin ózi nadurıs bahalaw”, “sezimlik rawajlanıwdaǵı qıyınshılıqlar”, uwayım, qáweter, basqınshılıq; sezimlikti biykarlaw, jalǵızlıq sezimi, nadurıs minez-qulıqlar, shaxslar aralıq múnásibetlerdegi dawlar, ózgelerge dushpanlıq tuwrısındaǵı pikirlerin bayanlaǵan hám bul máselelerden shıǵıw jolları da kórsetip berilgen. M.Yu.Alekseeva oqıtıwshılar tárepinen art-terapiyadan paydalanıwdıń geypara variantların kórip shıǵadı. Variantlardan biri retinde ol oqıtıwshılarǵa art-terapevttiń funkciyaları “dúzetiw” menen emes, bálki balalardı tárbiyalaw hám

olardıń uyqas emocional hám intellektuallıq rawajlanıwı menen shuǵıllanıwı múmkinligin aytıp ótedi.

Oqıwshılardıń psixologiyalıq salamatlıǵın qáliplestiriw hám bekkemlew, shaxstıń psixologiyalıq kelisiwi dáreklerin kóbeytiw oqıwshılardıń ruwxıy hám jeke salamatlıǵın bekkemlew hám rawajlandırıwǵa qaratılǵan hár qıylı social - psixologiyalıq shınıǵıwlar, ońlaw programmaları, psixoterapevtik usıllar arqalı ámelge asırıladı. Art-pedagogikanıń pedagogika hám kórkem ónerdiń payda bolıwı hám rawajlanıwı oqıtıwshıǵa onı tek ǵana emlew hám korrekciyalaw jumıslarında qollaw, bálki balada kórkem mádeniyattı rawajlandırıw (sonday-aq, rawajlanıwda nuqsanı bolmaǵan balalarda) hám oǵan kórkem iskerliginiń túrli formalarında ámeliy kónlikpelerdi tabıslı ózlestiriwge járdem beredi. Búgingi kúnde aktiv rawajlanıp atırǵan ilimiy bilimler tarawı retinde art-pedagogikanıń maqseti hám kólemi-onı kórkem ónerdiń túrleri menen oqıwshılardı tanıstırıw tiykarında pedagogikalıq, korrekcion jumıslarda paydalanıw, bárkámal rawajlanǵan shaxstı tárbiyalawǵa járdem beredi, ulıwma insanıylıq hám milliy ruwxıy qádiriyatlardı támiyinleydi hám balalardıń jámiyet turmısına kórkem iskerlik járdeminde iykemlesiwine járdem beredi. Tálimde art-terapiyanı engiziw oqıwshılarda túrli psixikalıq pazıyletler hám jeke ayrıqshalıqlardı rawajlandırıwǵa járdem beredi, bul olardıń tabıslı psixologiyalıq-social kelisiwi ushın úlken áhmiyetke iye.

Bul usıldı mekteplerde qollaw natiyjeliligi tuwrısında kóplegen dáliller ámeldegi, bul jerde ol tek ǵana tikleniw hám korrekciyalaw, bálki rawajlanıw quralı bolıp xızmet etedi. Balalar hám óspirimler art-terapiyası boyınsha orınlanǵan ilimiy jumıslar, tiykarınan, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıwshılardı oqıtıw, tárbiyalaw hám rawajlandırıw maqsetinde dóretiwshilik pikirlewdiń túrli formalarınan paydalanıw múmkinshiliklerin úyreniwge arnalǵan.

Bul jumıslarda avtorlar art-pedagogikanıń tiykarǵı ózgesheligin ańlatpa etken bolıp, ol jaǵdayda kórkem qurallar, kórkem-dóretiwshilik iskerlik qurallarından paydalanıw kórkem tálim-tárbiya ornın baspaydı, bálki olardı tolıqtıradı hám mektep oqıwshılarınıń rawajlanıwı, oqıtıw hám tárbiyalaw procesine jańa ayrıqsha jónelis beredi. Art-terapiya bul psixoterapiyanıń ayrıqsha forması bolıp, ol drama terapiyası, muzıka terapiyası hám oyın-motor terapiyasın da óz ishine aladı. Álbette, dóretiwshilik aktivliktiń hár túrlı túrleri zárúrli psixo-profilaktikalıq hám rawajlanıw tásirine iyelewi múmkin. Tálimge innovaciyalıq jandasıwlar, mısalı, balalardıń dóretiwshilik potencialı kórinetuǵın bolıwına jáne onıń den sawlıqtı saqlaw faktorlarınan paydalanıwǵa tiykarlanǵan bolıwı múmkin hám bolıwı kerek. Oqıtıw procesinde oqıtıwshılar hám mektep psixologları oqıwshılar menen oyın iskerligi hám vizual, muzıkalıq, dramatikalıq roldı jırlaw, kórkem hám qosıqtı ańlatıw usıllarına tiykarlanǵan bunday sırtqı kórinislerdi jaqsı ózlestirip aladı. Biraq bul olardıń terapevtikalıq ámeliyatqa ótiwi ushın tiykar bolmawı kerek. Oqıtıwshılardıń iskerliginde terapevtikalıq hám oqıw strukturalıq bólimleriniń aralasıp ketiwine jol qoymaw ushın bul dóretpe avtorları “art-terapiya” hám “art-terapevtik” (metod, usıl, jandasıw ) sózleri ornına “art usılı” (art usılları) sıyaqlı túsiniklerdi isletiwdi usınıs etedi: “dóretiwshilik iskerlikke tiykarlanǵan usıllar”, “dóretiwshilik usıllar”. Orta mekteplerdegi balalardıń

psixikalıq salamatlıǵı búgingi kúnde shıpakerler hám oqıtıwshılar ushın saldamlı uwayım tuwdırıp atır. Art-pedagogikanıń mánisi, birinshiden, onıń tárbiyalıq funkciyasında shaxstıń etikalıq, etikalıq-estetikalıq, kommunikativ-refleksiv tiykarlarına tásir etedi hám kórkem óner járdeminde social-materiallıq kelisiwine járdem beredi. Bunnan tısqarı, kórkem pedagogika psixoterapevtik funkciyanı da ámelge asıradı, bul balalarǵa psixologiyalıq mashqalalardı jeńiwge, sezimdi teń salmaqlılıqtı qayta tiklewge hám unamsız tájiriybeden unamlı reńdegi sezimler hám pikirlerge ótiwge járdem beredi. Húrmet Mak Niff - Massachusets shtatınıń Eddinkot art-terapevt kolledjinde súwretshi, Amerika art-terapevtikalıq associaciyasiniń prezidenti, ol art-terapiya salasında dáslepki kásiplik tayarlıqtan ótken kórkem óner oqıtıwshı esaplanadı. Ol “Súwretleytuǵın kórkem óner emleytuǵın ámeliyat retinde: terapiya qıyalın jaratıw”, “Procesine iseniw: azatlıqqa tiyisli kórkem basshılıq” dóretpeleri avtorı. Ol ótken ásirdiń 70 jıllarınan oqıw mákemeleri menen baylanıslardı ornatıwǵa háreket etti, sebebi balalar waqtınıń úlken bólegin mekteplerde ótkeredi, sol sebepli mekteplerde art-terapiya bólmelerin shólkemlestiriw arqalı olarǵa art-terapiya xızmetlerin jáne de jaqsılaw maqsetke muwapıq, dep bildi. Bul avtor mudamı art-terapiyanı tálim mákemelerine alıp kirisiw ǵayratların qollap-quwatlaǵan. Onıń pikirine kóre, bul tek ǵana sezimge hám minez-qulıqlarında nuqsanı bolǵan balalarǵa salıstırǵanda terapevtikalıq hám korrekciya jumısların aparıw, bálki olarǵa óz sezimlerin dóretiwshilik ańlatıwdı hám kognitiv kónlikpelerdi rawajlandırıwdı da úyretiw imkaniyatın beredi, dep isengen.

Perspektivalı jónelis retinde Sh.Mak Niff AQShda sońǵı jıllarda pánler aralıq baylanıslardı rawajlandırıw tendenciyasın kórip shıǵadı, ol art-terapevtlardı basqa qánigeler menen baylanıslardı bekkemlewge oylaydı. Usınıń menen birge, professional art-terapevtlar sanınıń kóbeyiwi, sonday-aq, birinshi maǵlıwmatı oqıtıwshı bolǵanlar da mekteplerde art-terapiya programmaların tabıslı ámelge asırıw múmkinshiligın asıradı. Mekteplerge art-terapiyanı engiziwden tiykarǵı maqset, bul avtorlar pikrine qaraǵanda, balalardıń (sonday-aq, jeńil, biraq sezilerli hám minez-qulıqlı keselliklerge shalınǵanlar) tálim shólkemi sharayatlarına iykemlesiwi hám olardıń ilimiy kórsetkishlerin asırıwı esaplanadı.

Oqıtıwshılar hám mektep art-terapevtlarınıń joqarı turatuǵın wazıypaları ortasındaǵı ayırmashılıqlardı aytıp, bul avtorlar bir waqıttıń ózinde oqıtıwshılar hám art-terapevtlardıń oqıwshılarda orın alǵan mashqalalardı sheshiw kónlikpelerin rawajlandırıw hám streslerge qarsı gúresiw sıyaqlı kóplegen ulıwma wazıypalarǵa iye ekenligine iseniw edi hám olardıń shaxslar aralıq kompetentlikleri hám baylanıs qábiletlerin jetilistiriw zárúr ekenligin, sonıń menen birge, olar birgelikte oqıwshılardıń dóretiwshilik potencialdı ashıwları hám balalarda saw mútájliklerdi qáliplestiriwleri múmkinligin atap ótiw edi. Bul avtorlar mekteplerde art-terapiyanı engiziwdi mektep ortalıǵın saw jáne social natiyjeli shaxstı qáliplestiriw quralı retinde kórip shıǵıw menen bólisedi.

D.Bush hám S.Xitlar izertlew jumıslarında mekteplerde art-terapiyadan paydalanıwdıń abzallıqların atap ótedi. Usılardan biri mektep jumısshılarınıń, sonday-aq, oqıtıwshılar, psixologlar hám art-terapevtlardıń ata-analar menen

sherikligine itibardı kúsheytiw balalardıń sawlıǵın saqlaw hám bekkemlewge xızmet etedi.

Juwmaqlap aytqanda, Art-pedagogika ilimiy hám pedagogikalıq ámeliyatta salıstırǵanda jańa jónelis bolıp tabıladı. Udayı tákirarlanatuǵın baspalar, Internet materialları hám xabarlardaǵı ámeldegi baspalarǵa shaqırıq qılıw arqalı bildirildi, art-pedagogika múmkinshiliklerinen tolıq paydalanılmay atır. Kópshilik ámeliyatshılar qolında art-pedagogika dep psixoterapevt hám psixologlar tárepinen shaxstı tınıshlandırıw, óspirimniń minez-qulıqların, shaxstıń ayrıqsha qásiyetleri hám minez-qulqın ońlaw, sabaqlarda dos sıpatında ortalıqtı jaratıw hám balalar hám úlkenler ortasındaǵı múnásibetlerdi tártipke salıw máselelerin sheshiwde paydalanılatuǵın art-terapiya menen almastıradı. Sabaqtıń jobası boyınsha art-pedagogikadan tek mektepte paydalanıladı, usınıń menen birge súwretleytuǵın, muzıkalıq iskerlikte demalıw jıldamı retinde paydalanıladı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:


1. Анисимов В.П. Арт-педагогика как система психологического сопровождения образователъного процесса // Вестник ОГУ. №4 (2003).-146 с.

2. Брусиловский Л.С. Музикотерапия. Руководство по психотерапии; под ред. проф. В.Е.Рожнова. –Ташкент: Меди

цина, 1979. – С. 256 – 274.

3. Бурно М.Е. Терапия творческим самовиражением. Монография. М.Е.Бурно. – М.: Медицина, 1999. – 364 с.

4. Булатова О.С. Артпедагогический подход в образовании. Монография. – Тюменъ: Изд-во ТГУ, 2004. – 230 с.

5. Абатбаева Р. International Scientific Journal Theoretical & Applied Science MANIFESTATION OF EUROPEAN AND NATIONAL TRADITIONS IN THE KARAKALPAK ETHNO-OPERA «GULAYYM» SOI: 1.1/TAS DOI: 10. 15863/TAS http://T-Science.org 18.11.2022.